



Pou Piblikasyon Imedya: 04/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE RE-OUVÈTI PON POPOLOPEN SOU WOUT U.S. 9W NAN KONTE ORANGE APRE LAPLI DEVASTATÈ YO

Pant sid pon popolopen lan te sibi gwo domaj nan inondasyon an

Depatman Transpò Eta a rekonstwi ak estabilize sipò a nan mwens pase kat semèn

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Wout U.S. 9W nan vil Highlands, Konte Orange, te re-ouvri apre inondasyon devastatè ki te frape Hudson Valley nan kòmansman mwa jiyè. Lapli san parèy te lakòz devèsman yon mas tè 20 pye pwofondè sou pant sid la, ki sipòte Pon Popolopen. Nan mwens pase kat semèn, enjenyè Depatman Transpò (Department of Transport, DOT) Eta a akselere konsepsyon ak konstriksyon yon nouvo sistèm sipò pou pon vital sa a, re-ouvri pon an epi rekonekte Wout US 9W ak Bear Mountain Circle, sa ki pèmèt aksè enpòtan ant West Point ak Bear Mountain. Pon sou konte Westchester ak Putnam, Palisades Parkway rive nan Konte Rockland, ak wout U.S. 6 nan lwès Konte Orange.

"Manman Lanati te fè ravaj sou Nouyòkè yo nan kòmansman mwa sa a, men nou yon pa pi pre pou nou rekipere anba lapli ak inondasyon devastatè ki te frape rejyon Hudson Valley a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, n ap re-ouvri Pon Popolopen, ki pral rann vwayaj pi fasil ant West Point ak destinasyon sid yo nan yon tan rekò epi byen anvan plizyè dizèn milye vwayajè rive pou wè Kavalye Nwa Lame nou yo kòmanse sezon yo".

Dimansyon domaj la te nesèsè pou yo retire yon gwo kantite tè, epi enjenyè NYSDOT yo te kowòdone yon solisyon pou enstale yon nouvo sistèm miray konsèvasyon tankou ranblè ki ranfòse ak jeyosentetik. Sistèm nan se yon kalite miray tè ranfòse ki sèvi ak kouch materyèl, tankou twal, griy, ak may, pou ranfòse tè a epi kenbe li an plas. Li ka itilize pou sipòte pon, wout, pant, ak lòt estrikti ki bezwen yon fondasyon ki estab. Ekip eta ak kontra yo te enstale sistèm nan sou pant apik la epi yo te re-etabli wout la pou vwayajè yo.

Wout Eta U.S. 9W se te youn nan anpil wout atravè New York ki te sibi gwo domaj akòz move tan ki te afekte eta a nan kòmansman mwa sa a. Soti 9 rive 10 jiyè yo te rapòte plis pase uit pous lapli nan kèk pati nan rejyon Mid-Hudson ak plis pase senk pous lapli

nan Konte Ontario, nan rejyon Finger Lakes. Soti 10 rive 11 jiyè, gen kèk pati nan North Country ki te resevwa plizyè pous lapli nan yon peryòd tan ki kout, ki te lakòz inondasyon devastatè, wout fèmen ak enfrasitrikti ki andomaje atravè rejyon ki afekte yo.

Anvan tanpèt la, Gouvènè Hochul te mande ajans eta yo pou yo [prepare resous pou repons pou ijans](#) epi pou yo rete an kominikasyon konstan ak gouvènman lokal yo pou siveye enpak tan an epi reponn a demann pou asistans. Pandan tanpèt yo t ap deplase atravè eta a, Gouvènè a [te kontinye deplwaye resous pou katastwòf](#) nan zòn ki fekte yo, sa gen ladan anplwaye NYSDOT, ki te travay pou pèmèt otowout ak pon eta yo ouvri pi vit posib.

Aprè tanpèt la, plizyè santèn manm ekipaj NYSDOT ak kontraktè te travay 24 sou 24 pou repare ak re-ouvri anpil wout nan Hudson Valley, tankou:

- Wout U.S. 9W ant Cornwall ak antre Stony Lonesome Gate la nan West Point/Mountain Ave, Konte Orange
- Wout U.S. 6/202 (Bear Mountain Bridge Road) ant Wout 9D ak Wout U.S. 9 nan Vil Cortlandt, Konte Westchester
- Wout Eta 32 nan Trout Brook Road, Vil Woodbury, Konte Orange
- Palisades Parkway ant sòti 15 ak Bear Mountain Bridge, Vil Highlands, Konte Rockland
- Long Mountain Circle ant Wout U.S. 6 ak Palisades Interstate Parkway,
- Wout Eta 9A ant Skyline Drive ak Saw Mill River Parkway, Mount Pleasant, Konte Westchester
- Wout Eta 116 ant Norton Road ak Hunt Lane, North Salem, Konte Westchester
- Wout Eta 35 nan direksyon lès Mark Mead Road, Cross River, Konte Westchester
- Taconic State Parkway nan direksyon nò, nan sid Sòti 37A, East Fishkill, Konte Dutchess
- Wout Eta 22 nan Hurds Corners Road, Pawling, Konte Dutchess

NYSDOT pral kontinye reparasyon nan pon ki domaje a nan semèn k ap vini yo pou enkli anlèvman miray a zèl ki ekspozè a, reparasyon pant, amelyorasyon drenaj, ak reparasyon final sou wout ak twotwa. Kèlkeswa domaj tanpèt la, travay la ap kontinye sou yon pwojè renovasyon pou ranplase ba sipò yo ak goupri yo sou Pon Popolopen, kote yo prevwa l ap fini nan sezon konstriksyon sa a. Nou ankouraje otomobilis yo pran prekosyon lè y ap sikile nan zòn sa a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Maten aprè tanpèt la, mwen te nan Highland Falls ak kominote ki alantou yo, ap obsève devastasyon an dirèkteman. Mwen te rankontre anpil manm nan kominote inondasyon an afekte, tankou Charlie, youn nan pwòp travayè otowout DOT nou yo ki gen kay li ki te inonde. Enpak evènman move tan sa a te afekte fanmi DOT nou an, epi se menm manm fanmi sa yo ki te travay avèk dilijans pou repare rezo transpò nou an

epi byen vit rekonekte tout kominote nou yo nan tout eta a. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip li pandan tout eprè v sa a, patnè konte ak lokal nou yo ak ekip pwofesyonèl devwe nou yo, ki te travay 24 sou 24 pou re-ouvri anpil wout nan yon tan rekò. Avèk ogmantasyon menas chanjman klimatik yo pwovoke, n ap kontinye fè fas ak danje ki genyen nan kalite evènman meteyo sa a epi ekip nou an nan DOT Eta New York pran angajman pou l non sèlman rekipere apre evènman sa yo, men tou pou l ede kominote nou yo rebati pi byen".

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Dega katastwofik tanpèt la te fè sou pon sa a te lakòz gwo dezòd nan sikilasyon, enpak negatif sou ti biznis lokal yo, epi li te fè li pi difisil pou premye sekouris nou yo fè travay yo san danje epi avèk efikasite. Gras a kowòdinasyon sere ant gouvènman federal, eta ak lokal, epi an patikilye travay ewoyik 24/7 ekipaj yo sou sèn nan, mwen fyè pou m anonse Pon Popolopen ap retounen fonksyone anvan dat yo prevwa a. Nou dwe kontinye pote menm ijans sa a epi konsantre nou sou netwayaj domaj nan kay yo, ti biznis yo ak enfrastrikti atravè rejyon an. Mwen pral kontinye fè presyon pou tout moun ki afekte yo jwenn soulajman yo bezwen ak merite".

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Fèmti Pon Popolopen lan apre evènman inondasyon ekstrèm jiyè a te gen yon enpak devastatè sou kominote Vil Highlands, deranje komès lokal, anpeche efò rekiperasyon ak pwovizyon ki nesèsè yo, epi fè vwayaj yo ensipòtab sou wout la oswa, nan kèk ka, enposib. Mwen bat bravo pou DOT pou reparasyon rapid yo nan enfrastrikti vital sa a anba lidèchip Komisè Dominguez epi mwen rete sèten ke kominote nou yo pral tounen vin pi fò pandan efò rekiperasyon an ap kontinye seryezman. Biwo nou an ap kontinye travay nan tèt kole ak DOT ak lòt patnè lokal, eta ak federal yo pou asire ke tout resous posib yo itilize pandan rekonstriksyon sa a".

Manm Asanble Christopher Eachus te deklare, "Jan moun k ap viv nan vil Highlands yo konnen, Pon Popolopen lan se yon mwayen sekou enpòtan pou kominote nou an, epi destriksyon li nan tanpèt yon fwa nan mil ane sa a te gen yon enpak nou pa ka kalkile sou rezidan nou yo. Mwen trè rekonesan anvè NYSDOT ak enjenyè devwe yo pou travay san rete yo pandan kat dènye semèn sa yo, epi pou kowòdinasyon yo ak responsab lokal yo pou asire pon an rete an sekirite epi fonksyonèl nan yon tan rekò. Sa a se yon gwo etap an avan pou rejyon nou an pandan n ap kontinye rekonstwi enfrastrikti zòn nou an ki andomaje, epi n ap travay nan direksyon pou retabli lavi moun ki te afekte anpil yo".

Kad Egzekitif Konte Orange, Steven M. Neuhaus, te deklare, "Pon Popolopen lan se yon wout enpòtan nan Konte Orange, epi mwen byen kontan ke li te re-ouvri mwens pase yon mwa apre tanpèt devastatè a te andomaje li. Se yon lòt etap enpòtan pandan n ap rekipere apre tanpèt la epi li pral benefisye rezidan yo nan pòsyon sidès Konte a ansanm ak vizitè yo. Mwen vle remèsye Depatman Transpò Eta a pou travay dilijan li pou repare pon an".

Sipèvizè Vil Highlands, Bob Livsey, te deklare, "Nou te fè yon bann tan ap tann, men jodi a pral mete souri sou figi moun yo".

Sirentandan Akademi Militè Ameriken an, Lyetnan-Jeneral Steven W. Gilland, te deklare, "Nan non kominote West Point, nou ta renmen remèsye tout patnè nou yo, eta ak lokal yo, pou lidèchip fèm yo ak efò devwe yo pou retabli lyen enpòtan sa a ant kominote lokal nou yo ak ba Hudson Valley. Se yon pwochen etap ki enpòtan anpil sou wout la rekiperasyon an epi li pral dirèkteman sipòte efò rekonstriksyon yo pandan mwa k ap vini yo".

Swiv DOT Eta New York nan Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418